PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com



# QUWÍRSHAQ TEATRÍNDA AKTYOR SHEBERLIGINIŃ ÁHMIYETI

**Prımbetova Nazıra Reypnazarovna** – *docent*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat instıtutı Nókis filıalı*

**Tayanısh sózler:** teatr, aktyor, saxna, tárbiya, mádeniyat, qábilet, sóz, quwırshaq, rejıssyor, professional, spektakl, mektep, doslıq, mehir, óspirim, shıǵarma, háreket, topar, waqıya, haqıyqat.

**Ключевые слова:** театр, актёр, сцена, воспитание, культура, способности, речь, кукла, режиссёр, профессионал, исполнение, школа, дружба, доброта, подросток, произведения, движение, группа, события, правда.

**Key words:** theatre, actor, stage, educatıon, culture, abılıtıes, speech, doll, dırector, professıonal, performance, school, frıendshıp, kındness, teenager, works, movement, group, events, truth.

Quwırshaq teatr bul dáslep kishkene balalardıń tárbiyasına unamlı tásir kórsetip olardıń júzine kúlki inam etetuǵın teatr esaplanadı. Quwırshaq teatr ózine tán tákirarlanbas kórkem óner túrlerinen biri bolıp esaplanadı. Jas tamashagóylerdiń teatr ónerine qızıǵıwshılıǵı eń dáslep quwırshaq personajlar atqarıwındaǵı spektakller tamashasınan baslanadı. Bul kórkem óner túri jas tamashagóylerdi mánáwiy gózzallıq álemine jetekleydi hám olardıń barlıqǵa bolǵan kózqarasın rawajlandıratuǵın mektep esaplanadı. Teatr saxnasında janlanıp, tilge kirgen súwretlew óneri shıǵarması - quwırshaq personajlar xarakteri balalarǵa ózgeshe zawıq hám óz aldına quwanısh beredı. Janlanǵan quwırshaqlar-gózzallıq, doslıq, mártlık, ádalat, hadallıq, miynet súyiwshilik, Watanǵa bolǵan sadıqlıq sezimlerin balalardıń júregine quyadı. Demek, jas áwladtı hár tárepleme kámalǵa keliwinde hám jetik insan bolıp tárbiyalanıwında quwırshaq teatrdıń ornı ayrıqsha bolıp tabıladı.

Ataqlı alım kórkem ónertanıw pánleri doktorı M.Qodırov quwırshaq teatr tarıyxına baǵıshlanǵan izertlewlerinen birinde: “Aziya quwırshaq teatrı bul ápiwayı ermek oyın emes, bálkim bir materik xalıqlarınıń filosofıyası, dini, ádebıyatı, eposı, muzıkası, folklorı, súwretlew óneri hám álbette tilleri menen baylanıslı bolǵan áhmiyetli tariyxıy kórkem waqıya”, - dep aytıp ótedi. [1.163] Quwırshaq teatrı dóretpelerı 6 janr tárepınen ráńbáreń, zamanǵa say, bay mazmunǵa iye, ideası tárepinen jetik bolıwı talap etiledi.

Quwırshaq teatr óneri balalar psıxologıyasın, olardıń xarakterin, ruwxıyatın, ómirde tutqan ornın, qızıǵıwshılıqların, umtılısların, átiraptı orap turǵan álemdegi sheshe almaǵan jumbaqlarınıń sheshimin bilip, olardıń aqıllı jol baslawshısına aylanıwı kerek. Sonıń menen bır qatarda dóretıwshi túrli jastaǵı balalardıń dúnyanı aqılıy qabıl etiw imkanıyatların esapqa alǵan halda jeterlishe kózqarasqa iye bolıwı hám quwırshaq teatrdıń bárshe qásiyetlerinen kelip shıqqan halda shıǵarma dóretiwi náwbettegi talabı esaplanadı. Quwırshaq teatrı aktyorı ushın eń zárur bolǵan baǵdar, bul onıń qolları háreketsheńligi. Haqıyqatında da insan háreketiniń eń aktiv atqarıwshısı bolǵan qol quwırshaq teatrında óziniń ajayıbatlarǵa bay sıyqırlı kúshin ele de dál kórsete aladı. Qolda bul xarakterlı ózgeshelıklerdı tárbiyalaw ushın birinshi gezekte qol shınıǵıwları menen shuǵıllanıw kerek. Talaba qolların ózine boysındırıwǵa eriskende ǵana onıń qolları qálegen háreketlerdi orınlawǵa meyil boladı. Álbette bul processti ózlestiriwde aktyorlıq sheberligi elementlerı járdem beredi. Etyudlar menen islesiw barısı ápiwayılıqtan quramalılıqqa ótedı. Aktyor dóretıwshiliginde sózdiń áhmiyeti haqqında aytatın bolsaq. Álbette úzindi ústinde islew barısında avtor sóziniń áhmiyeti sheksız bolıp tabıladı. Sebebi sóz shıǵarma mànisin shıǵarıp beriwde jàrdem beredi. Pikir sóz arqalı bayan etiledi. Sóz pikirdiń hàreket jemisi bolıp ol qatardıń ishki mazmunı hàm usı arqalı atqarılıp atırǵan shıǵarma mánisin ashıp beredi. Quwırshaq teatrınıń jaslardıń tàrbiyasına tàsiri úlken.

Biz bılemiz quwırshaq teatrı ushın repertuar tańlaw eń quramalı process esaplanadi. Sebebi, bul teatrǵa keletuǵın tamashagóyler túrli jastaǵı balardan ibarat. Sonıń ushın málim bir jastaǵı balalardıń anıq jasın esapqa almay turıp shıǵarma jazıw yakı tańlaw orınsız esaplanadı. Málim bir saxna shıǵarmasına alınǵan tema, waqıyalar izbe-izlıgı, qarama-qarsılıqlar hám olardıń sheshimi, personajlardıń qanday insan ekenligi, olardıń xarakteriniń ózgesheliklerine baylanıslı esaplanadı. Bul qasiyetler shıǵarmanıń berilgen shárt-shárayatda, basqıshpa-basqısh, hár túrli processlerde túrlishe bolıp ótedi. Sebebi, tamashagóylerdiń jasına qarap olardıń shıǵarmanı qabıl etiwi menen baylanıslı boladı. Sonıń ushın quwırshaq teatrı repertuarın dúziwde tamashagóylerdiń jasına qarap úsh topar bólinip shıǵarma jazıladı.

Bırınshı topar mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń toparı esaplanadi. Bul topar tamashagóyleri ushın jazılatuǵın piyesalar waqıyası ápiwayı, sózleri, háreketleri qısqa, tamasha oyın kórinisinde kórsetilip beriliwi talap

PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com

PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com

etıledı. Quwırshaq personajlardıń obraz dárejesındegı kórınısı háreketlerge tıykarlanǵan bolıp, názık oyınlarǵa, ájayıp qosıqlar kórınısınde jazılıwı kerek. Tıykarǵı tema- balalardıń ómırınen kórınısler, tábıyat gózzallıqları, onda jasawshı qus hám haywanatlardıń jasaw tárızı, ınsanlardıń olarǵa múnásıbetı, balanıń shańaraqta ata-ana qushaǵında ónıp-ósıwı sıyaqlı waqıyalardı óz ıshıne aladı. Jas tamashaǵóy bul processtı kóredı, personajlar háreketın baqlaydı hám talqılaydı. Nátıyjede olarda ómırdı bılıw, ańlaw, jaqsılıqqa qaray umtılıw hám saxnadaǵı personajlar menen mu'násıbetke kırısıw qızıǵıwshlıǵı payda boladı. Bul bolsa, balalardı hár tárepleme- aqılıy, ruwxıy hám mánáwıy tárepten rawajlanıwına járdemshı usıl bolıp xızmet qıladı. Bunday process jas tamashaǵóylerdıń sezımlerı ósıp, ulǵayıp, kamalǵa kelıwıne tásır etedı.

Ekınshı topar tamashaǵóylerı mekteptıń baslanǵısh hám orta klass oqıwshılarınan ıbarat boladı. Bul topar tamashaǵóylerı ushın jazılatuǵın shıǵarmalar-shańaraq, mektep, oqıw hám úyrenıw, mıynet, doslıq, mexrıybanlıq, jaratıwshılıq, Watansúyıwshılık ruwxındaǵı pıesalardan ıbarat boladı.Olar hár túrlı temalar hám janrlardı óz ıshıne aladı. Mektep oqıwshılarınan zakawat, sadıqlıq, tuwrı sózlılık, danalıq, aqıllılıq, mehır-múrıwbet, doslıq sıyaqlı pázıyletlerdı tárbıyalaydı.

Úshınshı topardı óspırım jastaǵı oqıwshılardıń toparı quraydı. Olarda mıllıy úrp-ádetler, qádıryatlar, tarıyxıy shaxslardıń jasap ótken jolı hám olardıń dúnya rawajlanıwına qosqan úlesı sáwlelenedı. Óspırımler kóretuǵın tamashalarda bas qaharmanlardıń maqsetke erısıw ushın hár qanday tosıqlardı jeńe alatuǵın, jaqsı baslamalarǵa ıytermeleytuǵın ınsan bolıwı kerek. Hár túrlı janrlardı óz ıshıne alǵan pıesalar mazmunı menen tamashaǵóyler joqarı maqsetın belgılep alıwǵa járdemlesıp, olardı, mártlık sadıqlıq, ınsanpárwarlıq sıyaqlı ullı ınsanıylıq pázıyletlerge ıytermelewı lazım.

Aktyor bırınshı náwbette ızlenıwshı hám gúzetıwshı bolıwı kerek. Ol ómırdı, turmıs tárızın, xalıq úrp-ádetlerın, adamlar psıxılogıkasın hám xarakterlerge tán qásıyetlerın tábıyat hám haywanatlar dúnyasın bılıwı shárt. Bulardıń barlıǵı aktyor ushın júdá kereklı pazıyletler bolıp esaplanadı. Áne usılardıń barlıǵın jaqsı bılgende ǵana onıń atqarǵan rollerı ózınıń tábıylıǵı, ómırlık shınlıǵı menen tamashaǵóylerdı ózıne tartadı.

Talaba keleshekte quwırshaq teatrı ushın jetık qánıyge, yaǵnıy quwırshaq teatrı aktyorı bolıp shıǵıwı kerek. Jumıstı onıń qolına quwırshaq túrlerınıń bırın uslatıp oynatıwdan baslaw kerek bolıp tabıladı.

Ol quwırshaqtı qolına alıp, onı háreketlendırıwge umtıldı da deyık, bul jerde quwırshaq teatrına say janlanıw sıyqırı júz bererme eken? Álbette joq! Sebebı ele kórkem óner mektebı baǵanalarınan bırme-bır ótıp, tolıq bılımge ıye bolıp, sınawlarǵa shıdam berıp úlgermegen talabanıń qolındaǵı quwırshaǵı ne nárse ısley alıwı múmkın? Álbette hesh nárse. Sebebı sızıń aldıńızda qolında quwırshaǵın zorǵa uslap, ózın qalay tutıw kereklıgın bılmey qısılǵanınan terge shomılıp ketken talabanı kórıw múmkın. Xosh, solay eken «quwırshaq teatrı aktyorı bolaman» dep oqıwǵa kırgen talabaǵa dóretıw mektebınıń bırınshı adımlarınan sabaqtı neden baslaw kerek?

Álbette hár-bır teatr kórkem ónerı aktyorı, ol qaysı bır teatr túrıne tıyıslı bolmasın, bırınshı gezekte ózın tuta bılıw hám organık tárepten shárt-sharayattan kelıp shıqqan jaǵdayda maqsetke muwapıq logıkalıq jaqtan tuwrı háreket etıwı lazım.

Solay eken, demek quwırshaq teatrı aktyorın tárbıyalaw processı de basqa teatr aktyorların tárbıyalaǵanday bolar eken, degen soraw tuwıladı. Álbette bul júdá tuwrı hám maqsetke muwapıq boıp tabıladı. Sebebı, quwırshaq teatrı aktyorı da hámme dóretıwshıler sıyaqlı eń dáslep aktyorlıq sheberlıgı bılımınen xabardar bolǵan jaǵdayda onıń sırların oqıp úyrenıwı kerek. Onnan keyın ǵana kásıbıne tıyıslı bılımlerdı ózlestırıw qábıletıne ıye boladı. Quwırshaq teatrı aktyorı da saxnada quwırshaqtı qolına almastan burın janlı planda óz ústınde bıymálel ıslewı hám bul baǵdardı óz saxnasına usı teatr kórkem ónerı ımkanıyatlarınan kelıp shıqqan jaǵdayda usınıwı kerek boladı.

Aktyordıń dóretıwshılık dáwırınde óz ústınde ıslewı, aktyorlıq sheberlıgı elementlerın úyrenıw hám ózlestırıwden ıbarat boladı. Bul jónelıste oqıtıw «janlı planda» alıp barıladı. «Janlı plan» sózı usı taraw qánıygelerınıń tılı menen bolajaq aktyordıń quwırshaqsız ıslew processıne aytıladı. Demek, jumıstı bırınshı náwbette teatr kórkem ónerı haqqındaǵı teotıyalıq bılımlerden baslaymız. Yaǵnıy quwırshaq teatrı bul qanday kórkem óner túrı, kelıp shıǵıw tarıyxı, onıń ómırde tutqan ornı, wazıypaları, zamanaǵóy quwırshaq teatrınıń balalar dúnya qarasın qálıplestırıwdegı ornı hám áhmıyetı, quwırshaq teatrı etıkası, teatr hám tamashaǵóy, súwretlew ónerınıń quwırshaq teatrda tutqan ornı sıyaqlı bılımler tereń úyrenıledı.

Álbette aktyorlıq sheberlıgı elementlerın úyrenıw hám ózlestırıw teorıyalıq jaqtan ámelıy halda bırge alıp barıladı. Sonıń ushın talabaǵa hár bır aktyorda kerek bolatuǵın psıxotexnık elementlerdı teorıyalıq jaqtan dálıllep, keyın

PDF-XChange Viewer
Click to buy NOW!
www.docu-track.com



PDF-XChange Viewer
Click to buy NOW!
www.docu-track.com

shınıǵıwlar tıykarında ámelge asırıladı. Sebebı, aktyorlıq sheberlıgı elementlerın ózlestırıw dáwırınde shınıǵıwlardıń rolı sheksız. Elementler qatnasıwındaǵı shınıǵıwlarda aktyorlıq sheberlıgı elementlerı bólek-bólek halda úyrenıledı. Orınlanatuǵın shınıǵıwlar hesh qashan sportshınıń shınıǵıwına uqsamawı, anıq maqsetke qaray baǵdar alıwı shárt. Quwırshaq teatrı ushın tańlanatuǵın shıǵarmalardıń maqsetı jalǵız. Olda bolsa jas tamashagóylerdı Watanǵa sadıq perzent hám hár tárepleme kámıl ınsan bolıp jetısıwıne xızmet qıladı. Jaslarımızdın ele de jetık ınsan bolıp jetılısıwın tàmınleydı.

**Paydalanılǵan ádebıyatlar**

1. Ańsatbaev N. Teatr hám aktyor. – Toshkent: Navruz, 2020.
2. Ashurova M. Quwırshaq teatr kórkem ónerınıń aktyorlıq mektebı. Qaraqalpaqshalaǵan N.Pırımbetova. – Tashkent: Navruz, 2020.
3. Djuldıkaraeva X. Sahna nutqı. – Toshkent: Navro‘z, 2008.
4. Mamatqosımov J.A. Aktyorlık mahoratı. – Toshkent: Lesson Press, - 220 b.
5. Nemırovskıy A. Aktyordıń plastıkalıq kórkemlılıgı. Qaraqalpaqshalaǵan N.Pırımbetova. – Tashkent: Navruz, 2020.
6. Rahmonov M. O‘zbek teatrı qadımıy zamonlardan XVIII asrga qadar. – Toshkent: Fan, 1975.
7. Sayfullaev B.S., Mamatqosımov J.A.Aktyorlık mahoratı. –Toshkent: Fan va texnologıya, 2012. – 388 b.
8. Stanıslavskıy K.S. Aktyornıng o‘z ustıda ıshlashı. T.Xo‘jayev tarjıması. – Toshkent: Badııy adabıyot, 1965.
9. Tursunov T. Sahna va zamon. – Toshkent: Yangı asr avlodı, 2007. – 404 b.
10. Болтабоева У. Қўғирчоқ театри гуруҳларида саҳнавий нутқнинг аҳамияти. – Тошкент: Наврўз, 2020.
11. Образцов С.В. О кукольном театре. – Москва: Искусство, 1947.

**REZYUME.** Bul maqalada Quwırshaq teatr aktyorlarınıń hareketlerı, obrazdı ashıp berıwı, plastıkası, bır-bırın sezıwı, aktyorlıq sheberlıgı haqqında sóz júrıtıledı. Quwırshaq teatrında tamashagoylerdıń jasına qarap 3 toparǵa bólınıp shıǵarma jazıladı.

1. Mektepke shekemgı tálım jasındaǵı balalardıń toparı ushın shıǵarma waqıyası qısqasha ham ápıwayı boladı.
2. Mekteptıń baslawısh hám orta klass oqıwshıları toparı ushın shıǵarma doslıq,mexrıybanlıq,haqqında boladı.
3. Óspırımlık dawırındegı oqıwshılar toparı ushın shıǵarmada mıllıy úrp-àdetler, qadrıyatlarımız haqqında sóz júrıtıledı.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассказывается о поступках актёров кукольного театра, развитии характера, пластики, взаимопонимании в актёрском мастерстве. В кукольном театре спектакль делится на 3группы в зависимости от возраста зрителей.

1. Для группы детей дошкольного возраста рассказ произведения короткий и простой.
2. Для группы учащихся начальной и средней школы спектакль о дружбе и доброте.
3. Для группы школьников в подростковом возрасте рассказывает о наших национальных обычаях и ценностях.

**SUMMARY.** Thıs artıcle tells about the actıons of the actors of the puppet theatre, the development of character, plastıcıty, mutual understandıng ın actıng. In the puppet theatre, the performance ıs dıvıded ınto 3 groups dependıng on the age of the audıence.

1. For a group of preschool chıldren, the story of the work ıs short and sımple.
2. For a group of prımary and secondary school students, a performance about frıendshıp and kındness.
3. For a group of schoolchıldren ın adolescence, he tells about our natıonal customs and values.